gazetavpered@list.ru

Ассаламу гIалайкум!

ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№40 (6869) * 5 ОКТЯБРЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 24 РАБИГIУЛ АХИР 1448 с. *

Идрис Наибасул зияраталда

СагIудиязул ГIарабиялда гIарабавлъун рикIкIунаро анкьго умумул рикIкIине лъаларев чи. Нилъер аниб тарихалда гIемераб рикьи бугезда яги цIакъго чIахIияздагицин лъабго – ункъго кьер умумузул гурони рикIкIине лъалел чи цIакъго къанагIат гурони ратуларо.

Нилъерго умумул лъай, гьезул къимат гьаби ккола гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъул кIвар цIикIкIараб бутIалъун. ГIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъул ва нилъер бахIарчиял умумул ракIалде щвеялъул гьезухъе зиярат гьабизе рахъине рукIиналъул хIакъалъулъ цебеккунго социалиял гьиназдасан бицун букIана. Гьенибго бицун букIана аслияб къукъа сагIат 11 ялда росулъа къватIире рахъине букIиналъул ва чоязда рекIун зияраталъ рахъине бокьарал радал хехго къватIире рахъине ккеялъулги.

179 соналъ цебе СалтIа хъала цIунун ругезул гьариялда рекъон хьиндалазул щунусго мюрид, бетIерлъуда 22 сонида вугев Идрис Наибгун рахъана гьезие кумекалъе. Гьезул 200 ялдаса цIикIкIарал нахъ руссинчIо, босана шаидазул хвел.

Ахирал соназда Хьаргаби ва СалтIа росабазул жамагIатаз гIемерал хIалтIаби гьарулел руго кIиябго росдада гьоркьоб гьудулльи, вацлъи щула гьабиялъе.

ХIисабалде босараб заманалда рекъон Хьаргаби росдал мажгиталда ракIарарал зияраталъ рахъунезул къокъа колона гьабун автомашинабазулгун къокъана СалтIа росулъе. Гьел рачIинегIан СалтIа росдал жамагIат чIун батана росдал площадкаялда мухъ гьабун. ТIаде рачIараз ссаламги кьун рачана кверал. Гьелдаса хадуб ракIарана росдал мажгиталде. Гьенир вагIза насихIатал гьаруна, ахIана мавлидал. ТIаде рачIарал гьалбал чIорого риччачIо СалтIа росдал жамагIаталъги. ХIадур гьарун ратана бечедго кванил нигIматаздалъун хьезе гьарурал столал.

Гьелдаса хадуб киналго цадахъ рахъун рилъана росдал рагIалда бугеб Идрис Наибасул зияраталде, гьениб дугIаги гьабуна. РакIалде ккола зияраталъ рахъаразул ракIазе кIудияб асар гьабунилан.

УЧИТЕЛАСУЛ КЪОГУН!

ХIурматиял районалъул лъай кьеялъул хIалтIухъаби!

РакI-ракIалъ баркула нужеда профессионалияб байрам- учителасул къо. Лъаялъул дунялалде квер ккун гьитIинав инсан вачунел, лъикIаздаса лъикIал гIамалал гьесулъ куцалел мугIалимзаби мустахIикъал руго кидагосеб адабалъе, реццалъе ва баркалаялъе. Нужеца тарбия-лъай кьун гIун рачIуна цIар рагIарал гIалимзабиги, рагIи билъарал политикалги, машгьурал врачалги, цогидал махщалилалги.

Лъай кьеялъул бутIаялда хIалтIулелщиназда ракI-ракIалъ профессионалияб байрамги баркулаго, нужер щивасе гьарула рокъоб, хъизамалда талихIрохелги, чорхое щулияб сахлъиги, инсанияталъе цIикIкIараб ва пайдаяб хIалтIулъ цебетIейги, бергьенлъабиги.

Биччанте къойидаса къойиде цIикIкIине мугIалимасул кIвар, лъикIлъизе хIалтIул шартIал ва гIемерлъизе лъай бугел цIалдохъаби.

Районалъул бетIер
М. ТIАГЬИР

СПОРТИВИЯЛ ХIАЯЛ

Россиялъул чемпионат Хьаргабиб тIобитIана

Гьаб соналъул 24 сентябралда Хьаргаби районалъул Культураялъул кIалгIабахъ тIобитIана спортивияб туризмалъул лъеда дистанциябазда Россиялъул Чемпионат рагьиялда хурхун рохалилаб данделъи.

Гьенир данделъана Россиялъул батIи – батIиял регионаздаса спортсменал, тренерал ва судьяби. ХIурматияв гьобол хIисабалда Чемпионаталде ахIун вукIана Россиялъул спортивияб туризмалъул Федерациялъул Вице – призедент А. Дегтярев. Культураялъул кIалгIабахъ, залалде лъугьунел гьалбал дандчIвалел рукIана миллиял бакъназул алатал хъваялда гъоркь.

Тадбиралда, гьединго, гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул нухмалъулезги.

КIалъазе вахъарав, Хьаргаби районалъул муниципалияб гIуцIиялъул бетIер М. ТIагьировас рачIараздехун загьир гьабуна рохел ва хьул букIин районалдаса ва гьаниб гIумру гьабулел ругездаса рачIарал гьалбал разиго хутIи ва лъикIал рекIел асаралгун рукъалде тIадруссинги.

Хадубги, М. ТIагьировас къокъго бицана Хьаргаби район къватIиб рагIизабурал хIужабазул ва кьуна тарихиял гьурмазул баянал. Гьединго тIадчIей гьабуна Дагъистаналда цохIого цо Хьаргаби район букIиналда лъабго гIор жанисан чвахулеб район.

Залалда гIодор чIаразе хIадурун букIана концерталъулаб программа. Цере рахъана Дагъистан Республикаялъул мустахIикъал кочIохъаби: **Ирайгьанат МухIамадова, Амина МухIамадова** ва **Савдат Гераева**. ТIадбитIараб ахIвал – хIал ккезабуна **«Хьаргаби» ансамбляльул кьурдухъабазги.**

Тадбиралъул программаялда рекъон тIаде рахъинарун, халатбахъараб хъатчIвайгун лъай – хъвай гьабуна залалда ругел, цересел соназул Россиялъул чемпионазулгун. Красноярск краялдаса Россиялъул спорталъул мастер, лъеда дистанциязда анцIгосонил болжалалда бищун лъикIай рикIкIуней спортсменка **Анастасия Мухгалиева**; Россиялъул чемпионка, анцIго сонил лауреат, спорталъул мастер **Полина Мухгалиева**;

Перьм краялдаса Россиялъул спорталъул мастер, тIолгороссиялъул къецазда бергьенлъиялъул чIел босарай **Полина Плеханова**; Москваялдаса Россиялъул спорталъул мастер ва чемпион **Максим Шабанов**.

ТIолгороссиялъул лъеда дистанциязда къецазул тарихалде нахъ балагьани бащдаб гIасруялъул нух буго. ТIоцересел къецал тIоритIана 1972 соналда Лосевскаялъулаб порогалда. Долдаса нахъе гIемерал хиса – басиял ккана жалго къецазда гурелги, гьел тIоритIиялда гьоркьорги. Сон бахъанагIан спортсменазул лъадари цIикIкIана. Кверде росана цIиял – цIиял гIорал ва лъеда туризмалъул централ: **Вуокса, Исеть, Чуя, Казыр, Белая, Мзымта** гIорал. Гьел цIарал лъикIго лъала Россиялъул спортсменазда. Гьале, гьеб сияхIалде тIаде жубана Дагъистаналъ-

ул **Гъазигъумекдерил** гIор.

25–27 сентябралда, Хьаргаби тIоритIарал къецазул программаялда рекъон, щуго батIияб дисциплина бачине букIана: каяк, байдарка, катамаран – 2, катамаран – 4 ва командабазул цадахъал къецал. Щибаб дисциплинаялда жиндирго къагIидаби, тактика ва манзил. Къецазул аслияб шартIлъун ккола хехлъи, къуват ва техника. Командаялъул цадахъаб къецалда, тIадеги, цоцахъ гIенекки ва цоцаде божилъи кквей. Спортсменал рачIине байбихьун букIана 23 сентябралдасанго. Чемпионат официалияб къагIидаялъ рагьизегIан унел букIана тренировкаби ва дистанция хIадурлъиялъул тадбирал.

Чемпионаталда дандчIвана Россиялдаго бищун къуватал спортсменал: **Алтай, Красноярск, Перьм** краяздаса, **Башкирия, Карелия** ва **Дагъистан** республикаяздаса, **Брянск, Владимир, Ленинград, Магадан, Рязань** областаздаса ва **Москваялдаса**.

Соревнованиязда хIинкъи гьечIолъи цIунизе жавабияллъун рихьизарун букIана Россиялъул МЧСалда гъоркь бугеб Дагъистаналъул ралагьиялъул ва хвасар гьариялъул къокъа.

Гьединго, кумек хIажалъани букIине хIадурлъиялда чIезабун букIана Хьаргаби ЦРБялъул хехаб кумекалъул бригада.

Россиялъул чемпионаталъул спонсорлъун букIана «Комус» компания. Лъабабго Чемпионат тIобитIулел къоязул видеотрансляцияби унел букIана щибаб дистанциялдасан. Бокьарал ралагьизе бегьула ФСТР-Федерация спортивного туризма России ВК соцсетялъул гьумералда.

Къецазда гIахьаллъана Россиялъул 12 регионаздаса 135 спортсмен. Лъабго къойил болжалалда тIоритIарал къецазда 9 комплект медаласул бикьана 5 регионаздаса спортсменазда гьоркьоб. Къецал ана бищунго захIматаб 5 классалъул уровнялда. Командаялъул, анкьго чи цадахъаб къецалда, экипажалъ кIиго километраялъ анлъго этап тезе кколаан.

ТIолгокомандаялъулаб зачеталда, бергьенлъи босарал чIелазул хIисаб гьабун призовоял бакIал рикьана хадуб рехсараб къагIидаялъ:

1–себ бакI — Красноярский краялъе,

2-леб бакI — Рязань областалъе ва

3–леб бакI — Перьм краялъе.

27 сентябралда Культураялъул кIалгIабахъ тобитIана Россиялъул Чемпионат къаялда хурхараб тадбир. Гьениб, Россиялъул Чемпионат тIобитIиялъе квербакъи гьабуралъухъ, районалъул ва Культураялъул нухмалъулезе баркалаялъул кагътал кьуна. Байбихьудаго гIадин, рачIаразе концерталъулаб программа гIуцIун букIана. Гьалбадерил рекIее лъикIаб асар гьабураблъун хутIана районалъул ансамблалъул кьурдухъабазул пагьму-гьунар.

Х.ШАМСУДИНОВА

ЖУЛАН

(Кизил обыкновенный)

Жулан ккола 2-5 метр борхалъи бугеб гъветI-хъарахъ. Бижула рохьоб яги ахикъ. Гьелъул тIанхал рукIуна гIадатиял ялъуни данде руссарал назукмахIал, тIогьиса бегIерал, тIугьдул гIисинал ва тIогьилкьерал. Жуланалъул пихъ букIуна лъинккараб, цIекIаб тIагIамалъул, чIахIияб, халаткка-раб.

Гьелъул букIуна билбагIараб ялъуни тIогьилккараб кьер. Гьеб барщула август-сентябрь моцIазда. Пихъ бакIарула барщулаго ва барщун хадуб. ТIанхал ва гъотIол хъал бакIарула ихдал цудунго, апрелъ-май моцIазда, кьалбал хаслихъе. Жулан тIегьала апрель-май моцIазда. Гьелъул пихъида гъорлъ рукIуна органикиял кислотаби, чакар (глюкоза ва фруктоза) дабагъ лъугьинабулел жал, пектинал, аскорбиналъул кислота , кьогIал ва релъен лъугьунел жал, гьединго калий, магний ва маxx. Жуланалъул пурчIуналда гъорлъ букIуна 34 процент беэнлъиялъул. ГIатIгоял тIанхазулъ рукIуна Е ва С витаминал. Жуланалъул пихъил бахъула сок, гьарула компотал, мурапаби, повидло. ХIалтIизабула конфетал гьаризеги.

Халкъияб медицинаялда жуланалъул бахъараб сок ва компот хIалтIизабула риххел къотIизабизе ва кванирукъалъул бакьазул хIалтIул низам рукIалиде ккезабизе. Жуланалъул пихъил гьабураб мурапа ва компот хIалтIизабула би дагьлъун бугони, тIулал, гьуразул ва чакрил унтаби сах гьаризе, квен биинабулел лъамалъаби, кIварщ ва цIин бачIин цIикIкIинабизе.

Пихъил ва тIанхазул бахъараб лъим хIалтIизабула цIакан гIодобе ккезабизе. Макъаралъул гьабураб чаялъ, чорхол гьанта бачIинабула. Гьеб хIадур гьабула цо кIудияб гъуд цIураб пихъиде тIаде стакан цIураб лъимги тIун гьализабун хадуб 8 сагIаталъ гIодоб лъунги тун. ЛъикIаб букIуна хIадурулаго пихъ хIаризабуни. ТIокIкIелалъул бащдаб стакан гъекъола къойида жаниб лъабго нухалъ, кванда цебе. ТIагIам бачIинабизе гьелда гъорлъе жубазе бегьула гьоцIо ялъуни чакар.

Цебе заманалда нилъер умумуз жуланалъул пихъил хъалалъул бахъараб лъамалъи хIалтIизабулеб букIун буго ругънал чуризе ва борхьица хIанчIараб ялъуни кьужнаялъ хеч къазабураб мехалъ тIад бахине. Ругънада тIад лъолеб букIун буго хъал бухIун лъугьараб рохъо ялъуни пихъ хIарараб жо.

Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса

Отопительный сезон

Уважаемые односельчане! Вот и закончилось лето. С каждым днем становится все прохладнее. Многие уже начинают отапливать свое жилье, в организациях и учреждениях-кабинеты, классы, палаты и другие помещения. Не многие додумаются, прежде чем начать включать свое отопительное оборудование проверить состояние печек, нагревательных приборов, газовых котлов, газопроводов, дымоходов, соответствуют ли противопожарные резервы до горючих материалов.

Уже в республике Дагестан участились случаи пожаров именно от несоблюдения требований пожарной безопасности при эксплуатации отопительных, газовых и электронагревательных приборов.

Не будем далеко заглядывать, только в нашем районе в 2025 году включительно сентябрь месяц произошло- 8 пожаров, а за такой же период 2026 года в районе произошло уже – 14 пожаров. За 2025-26 годы почти 45-50% от общего числа пожаров произошли в с. Кикуни. В связи с изложенным, прошу жителей района обратить на это внимание, особенно Кикунинцев.

А эти пожары отличаются тяжестью причин при их возникновении. Имеются примеры при взрывах газовоздушной смеси или при задымлении в помещении, в жилых комнатах остаются безжизненными целые семьи с детьми.

Поэтому с начала и до окончания отопительного сезона необходимо проверять и содержать исправными отопительной печи на твердом топливе и дымоходы, при обнаружении неисправностей исправить их. Не оставляйте работающие газовые камины и топящиеся печи без присмотра и не поручайте надзор за ними маленьким детям, не оставляйте детей одних без присмотра взрослых.

При обнаружении запаха газа незамедлительно выключайте, перекрывайте кран как на приборах, так и на газопроводной трубе,проветрите помещение и вызывайте аварийную газовую службу.

При использовании электророзеток, удлинителей не нагружайте их большим количеством потребителей- это чревато короткими замыканиями, большими переходными сопротивлениями, перегреву, а в последствии приведет к пожару.

Соблюдение этих простых правил пожарной безопасности помогут Вам избежать возникновение пожара.

Ну а если произошел пожар, немедленно сообщите об этом в пожарно-спасательную службу по телефону с любого мобильного телефона по номеру «101» или «112» , при этом точно назовите адрес, что горит, номер телефона.

В ночное время по возможности встретьте пожарное подразделение в начале населенного пункта.

Берегите свою семью и имущество от пожара.

Начальник ПЧ-34 с. Гергебиль
Гергебильского района
ГКУ РД «ППС РД»
М.О.ОСМАНОВ.

Служба по контракту

До 31 августа включительно в Республике Дагестан предусмотрена дополнительная выплата для граждан, заключающих контракт с полком резерва на 1 год и более – военнослужащему выплачивается единовременные денежные выплаты в размере до 4 500 000 руб.:

400 000 руб. – федеральная выплата;

500 000 руб. – региональная выплата;

3 000 000 руб. – региональная выплата (подразделения резерва);

от 100 000 до 600 000 руб. – выплаты от городов и муниципальных образований;

Зарплата военнослужащих начинается от 210 тысяч рублей в месяц.

от 6 500 000 — итого за год, с учетом единовременных выплат и заработной платы.

Заработная плата – от 210 тысяч рублей в месяц.

До 300 тысяч рублей увеличена единовременная выплата добровольцам отряда «Каспий».

Дополнительную информацию можно получить в пункте отбора по Дагестану: 8 (989) 484-69-95.

Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихъан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.

Отпечатано в типографии ООО «Лотос», пр-т Насрутдинова, 61. Претензии к качеству печати принимает типография.

Заказ № _____. Тираж 700 экз.

Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.

«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо». **Ж. Сервантес**

Подписано в печать 1 октября 2026 г. в 22:00.
По графику — 22:00.

Индекс 51350. Цена свободная.